

Kisa nou bezwen konnen...

Strikti Program nan

Chak sesyon dire de zèd tan e yo chita sou yon sijè teyoloji. Men jan sesyon yo bati:

- Priyè
- Vokabilè sou sijè nap diskite a
- Patisipasyon nou nan aktivite sou sijè a
- Prezantasyon Pwofesè a
- Diskisyon

Program sa fèt pou fi ak gason ki...

Bezwen rekonèt ki wòl yo ka jwe nan program Sèvis pou Layik Angaje

Ou byen

Moun kap chèche plis enfòmasyon sou pawòl Bondye a pou yo kab fè sèvis li pi byen

Ou byen

Manm Konsil Pastoral avèk moun ki responsab pote chanjman dapre plan pawas yo genyen pou yo fè yo.

Pastoral Institute
Diocese of Brooklyn

310 Prospect Park West
Brooklyn, NY 11215

Telephone- 718/965-7300, Ext. 5558
Fax 718/399-5920

pastoralinstitute@diobrook.org
www.dioceseofbrooklyn.org/foundations-for-ministry-program/



FONDASYON POU FÒMASYON MINISTÈ LITIJK YO



Premye Sesyon : Teyoloji yon Sijè pou n Etidye

Sesyon sa a pral ede w vin pi alèz avèk etid teyoloji. Yo pral eksplike mo teyoloji a, yo pral wè plizyè jan nou kapab konprann li.

Dezyèm sesyon – Ki wòl layik pral jwe

Sesyon sa a pral chita sou wòl layik pral jwe nan legliz la e nan sosyete a sitou apre dezyèm Konsil Vatikan an. Nou pral fè yon rale sou wòl batèm nan tout sèvis nan legliz la.

Twazyèm Sesyon:

Strikti ak Misyon Legliz la

Yo pral montre nou plizyè jan legliz la mache pandan yap chita plis sou legliz la tankou yon mistè avèk wòl Lespri Sen ak tout batize ki konpoze legliz la yo jwe.

Katryèm Sesyon:

Misyon, Mesaj ak Sèvis Jezi

Nan sesyon sa, yo pral pale de "Jezi Kri: Pou ki sa Pawòl la tounen moun" e yo pral pote atansyon sou mesaj wayom nan avèk sa ki te pale de Jezi.

Senkyèm Sesyon: Ekriti Sent

Yo pral fè yon ti rale sou kòman ak pou ki sa bib la te ekri e yo pral eksplike n kòmam Katolik etidye e konpran bib la.

Sizyèm Sesyon: La Priyè

Nan sesyon sa, yo pral itilize eksperyans nou, pou montre n yon fason group la ka fè eksperyans nan priye ansanb. Nou pral wè plas lapriyè genyen nan lavi moun ki kwè, e ki lòt jan ak ki kote moun ka priye an group ou byen pou kont yo.

Setyèm Sesyon: Litiji

Nan sesyon sa nou pral patisipe pandan yap itilize yon video sou litiji. Ou pral aprann pou ki sa nou selebre litiji jan sa nan jounen jodi a.

Wityèm Sesyon: Teyoloji Moral

Men ki sijè ki pral devlope: Ki sa moralite ye? Sa sa vle di pou moun viv yon vi moral? Kisa konsyans ye e kòman pou konsyans yon moun fòme? Èske ansèyman sosyal legliz Katolik yon sekre kache nan legliz la? Sa se youn nan sijè nou trete nan pwogram sa a.

Nevyèm Sesyon: Yon Sèl Legliz, Yon Pakèt Figi

Nan sesyon sa, yo pral gade ki sot de moun a ki bagay ki fè pati de legliz Brouklin a Kwinz la ansanb avèk legliz an general tout katolik patisipe. Ki sa ki fè nou fè youn menm lè nou pale e priye nan menm lang e nou pa soti nan menm peyi ak nan menm ras?

Dizyèm Sesyon

□Refleksyon sou Teyoloji

Sesyon sa mande anpil patisipasyon pandan nou pral kòmanse aprann kòman pou nou reflechi sou teyoloji avèk eksperyans nou fè pandan dis premye semèn yo e pou nou rekonèt apèl ki fèt pou nou kòmanse sèvis nou.

□Rechèch sou Teyoloji

Yo pral bann bibliyografi, wèbsit, avèk lòt atik ki pral ede nou konprann plis lekti, rechèch avèk refleksyon nou pral fè yo. Nap jwen n explikasyon sou yo ansanm a program sèvis layik yo tou.

□Seremoni Pou Fèmen

Lè nou fini program nan, yap bay yon sètifika nan yon seremoni pou tout moun ki ranpli tout kondisyon yo te mande yo